

Tit 6Gx50

Chapit 8. Kourikoulòm ak Enstriksyon

Seksyon 8.01

Règleman **8.01 PWOMOSYON, PLASMAN AK GRADYASYON – PLAN PWOGRESYON ELÈV**

1. Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la bay devlopman edikatif chak elèv nan distri a valè. Kò anseyan distri a ap konsidere bezwen akademik endividyèl elèv la lè y ap plase l nan matyè, nivo klas oswa pwogram espesyalite yo.
2. Y ap baze pwomosyon ant nivo klas yo sou rezilta pèfòmans ak akonplisman chak elèv. Pou ede ak gide ofisyèl lekòl yo nan desizyon yo sou plasman, pwomosyon, double klas ak pwogram espesyal, Sipèentandan an devlope plan pwogresyon elèv 2010-2011 la, ki enkòpore nan regleman Konsèy Administrasyon sa a kòm referans. Y ap kenbe kopi plan yo nan ofis distri a ak nan chak lekòl epi yo disponib sou entènèt nan [Divizyon Kourikoulòm](#). Plan yo dwe enkli estanda pèfòmans elèv ak kondisyon obligatwa pou pwomosyon ak gradyasyon pou klas K-12, edikasyon jeneral pou granmoun, edikasyon pou elèv espesyal ak enskripsyon doub. Avan yo prezante plan yo devan Konsèy Administrasyon an pou apwobasyon anyèl, y ap revize ak renouvle plan pwogresyon elèv yo pou konfòmite ak lwa federal epi lwa eta Florid ak règleman Konsèy Administrasyon Depatman Edikasyon Nasyonal Eta a, epi y ap entèprete ak egzekite plan yo an konfòmite ak lwa federal ak lwa eta a.
3. Tout fòm PBSB ki mansyone nan plan pwogresyon elèv yo ap konsidere kòm referans ki fè pati regleman sa a epi y ap kapab jwenn yo sou [sit entènèt Distri lekòl la](#).
4. Tout dokiman ki refere andedan plan pwogresyon elèv la, enkòpore la a pa referans kòm yon pati règleman sa a epi y ap kapab jwenn li sou [sit entènèt Distri lekòl la](#) oswa nan [sit entènèt Depatman Edikasyon Florid](#).
5. Daprè egzijans lwa Florida § 1008.25(7)(b)5, distri dwe pibliye chak ane nan jounal lokal la kèlkeswa revizyon li ta fè nan règleman sa a konsènan elèv ki pa t pase ak elèv ki ta pase pou ane avan an, parapò ak chanjman nan plan pwogresyon elèv la ki fè pati règleman sa a.

OTORITE LEGAL:

Lwa Florid §§ [1001.32\(2\)](#); [1001.41](#); [1001.41\(2\)](#); [1008.25](#); [1008.25\(2\)\(7\)\(b\)5](#); [1012.23\(1\)](#)

LWA ANVIGÈ:

Lwa Florid §§ [1001.32\(2\)](#); [1003.21](#); [1003.43](#); [1003.437](#); [1003.438](#); [1003.46](#); [1003.56](#); [1008.252](#)

DOSYE ISTORIK:

18/2/72; 24/4/74; 19/12/74; 3/12/75; 20/10/76; 14/6/77; 17/10/79; 15/10/80; 4/5/83; 7/9/83; 5/6/85; 9/12/86; 16/3/88; 24/6/92; 28/7/03; 5/4/06; 6/9/06-(ER); 8/11/06; 22/8/07 (ER); 24/10/07; 7/5/2008; 3/9/08 (ER); 29/10/08; 9/9/09;(ER)4/11/2009; 07/9/2010 (ER)

As per Sandra's instructions, this page #2 was **not to be translated**, therefore is not subject to any editing./rb

4-A

Rapò Komite Dirijan

7 Septanm, 2010

Paj 1 nan 4

Règleman 8.01-ER

4-A Mwen rekòmande ke Komite a adopte règ ijans ki pwopoze a, règleman 8.01 –ER ki titre "Pwomosyon, Plasman, ak Gradyasyon- Plan Pwogresyon Elèv," epi dfè twouvaj yo tankou yon ijans jan li table nan Rapò Komite a

[Kontak: Constance Tuman-Rugg, PX 48549]

Adopsyon Ijans

ATIK KONSANTMAN

- Règ ijans sa a ap enkòpore Plan Pwogresyon Elèv la, ediasyon 2010-2011, jan li amande imedyatman nan Règleman 8.01 nan kon li fin adopte. Dapre seksyon 1008.25 Lwa Florid: pwogresyon elèv lekòl piblik, enstriksyon ratrapaj, pwomosyon, ak egzijans prezans, mande ke chak komite dirijan distri lekòl table yon pwogram konpreyansif pou pwogresyon elèv. Plan pwogresyon elèv 2010-2011 ki atache a(lekòl primè elemantè, lekòl entèmedyè, lekòl segondè, adilt) gen ladan revizyon pou plan yo pou yo reflekte egzijans Lwa Florid ak Règ komite depatman edikasyon an. Genyen andedan plan yo chanjman yo te fè nan premye ane a.
- Règleman an bezwen adopte imedyatman kòm règ dijans akòz egzijans legal y oak paske li enpòtan pou ke amandman pla plan yo enkòpore osi pre kòmansman ane lekòl la ke posib.
- Kon komite a apwouve l nan reyinyon sa a, règ ijans la ap efektif nan jou sa a, epi l ap rete efektif pou 90 jou, oswa jiskaske adopsyon règleman regilye a siplante l, lè règ dijans la ta ekspire. (Sibstansyèlman, menm kontni a ap devlope atravè metòd regilye poufèlwa a, ki ta dwe konplete nan 90 jou).
- Règ sa a te pibliye pou adopsyon dijans omwens senk jou avan reyinyon espesyal 7 Septanm 2010 ak osito ke chanjman nan plan yo, ki gen ladan yo revizyon akòz chanjman resan nan lejislasyon, règ eta a, ak règleman distri lekòl , finalize. Dapre konsiderasyon sikonstans sa yo, pwosedi pou adopte règ sa a kòm yon ijans jis.

